Bhaibheri re vana

Rinokupai

Mukadzi paTsime

Rakanyorwa na: Edward Hughes

Rakafanidzirwa na: Lazarus

Rakatorwa na: Ruth Klassen

Rakashandurwa na: Miriam Furusa

Alastair Paterson

Rakabudiswa neve: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Jesu navadzidzi vake vakange vachifamba nemunyika ye Samaria. Vakasvika paguta rinonzi Sychar.



Paive netsime ipapo paicherwa mvura yekunwa nevanhu vemuSychar. Jacob, baba vemaIsirairi, ndiye akachera tsime iroro.

Masikati aya kwaiva nezuva uye kuchipisa. Nekuneta, Jesu akagara pasi pedyo nepatsime vadzidzi vachinotenga chikafu muguta reSychar.

Jesu akange ari
oga-asi kwete kwenguva
yakareba. Pane mukadzi
aigara muSychar akauya
kuzochera mvura.
"Ndipewo mvura
Jesu akadaro
kwaari."

Mukadzi uya akashamisika. “Ko seiko iwe, muJudha, wakumbira mvura kuneni mukadzi muSamaria?” akadaro. Mumazuva iwayo, maJudha aive asina kudyidzana nemaSamaria.



Mudzimai akanyanya kushamisika apo Jesu paakati, “Dai waiziva kuti Ndini Ani ungadai wakumbira mvura yeupenyu kwandiri.”



Mukadzi akati kuna
Jesu, "Changamire
hamuna chekucheresa
mvura, tsime iri rakadzika.
Ko mvura yeupenyu iyi munoitora
kupi? Ko muri mukuru here kuna baba
vedu, Jacob, vakatipa tsime iri...?"

"Uyo anonwa
mvura iyi uchava
nenyota zvakare," Jesu
wakataurira mudzimai.
"Asi uyo anonwa mvura
yandinomupa haangazovi
nenyota zvakare.
Mvura yandichamupa …
ichava tsime yemvura
inopfachuka kusvika
muupenyu husingapere."
"Changamire, ndipeiwo
mvura iyi…" mukadzi
akadaro.

Jesu akakumbira mudzimai kuti adane murume wake. "Handina murume," mudzimai akapindura. "Wakaita varume vashanu," Jesu akapindura. "Waiuyinaye iyezvino haasi murume wako."

Mukadzi akacherechedza akaona kuti Jesu waiva muporofita. Akaedza kuti Jesu aite nharo naye nezvenzvimbo yekunamatira Mwari: Jerusarema kana gomo dzvene remaSamaria. Jesu akataura kuti vatendi vechokwadi vanonamata Baba mumweya nemuzvokwadi.



“Ndinoziva kuti Mesiya ari kuuya,” mukadzi akadaro kuna Jesu. “Paachauya achatiudza zvinhu zvese.”
“Ini ndinotaura newe ndini Iye,” Jesu akamuudza.
Ipapo vadzidzi vakabva vadzoka. Mukadzi akasiya chirongo chake chinodhura akadzokera kuguta.





“Huyai,
muone Murume
andiudza zvese
zvandakamboita,”
mukadzi
akataurira
varume
vemuSychar.
“Kuti ndiye
Kristu here?”
Varume
vakabuda
muguta kuti
vanozvionera
Jesu vega.

Panguva iyoyo, vadzidzi vakaudza Jesu kuti adye. Asi Jesu akati, "Kudya kwangu kuita kuda kwababa vangu vakandituma uye kupedzisa basa ravo." Basa rake raiva rekuunza vanhu kuna MWari.

Vazhinji vemuSamaria vakatenda maari nekuda kweshoko remudzimai uyu. Vakakumbira Jesu kuti agare navo; akabva agara ikoko kwemazuva maviri.



Vamwe vakawanda vakatenda nekuda kweshoko raJesu. Vakati , "...Tazvinzwira tega uye taziva kuti ndiye Kristu, muponesi wepasi rose."



Mukadzi paTsime

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa muna

John 4

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16